Li waa New York wara xàm ci waccin COVID-19 yi

Waccin COVID-19 yi jàppandina leegi ci béppu doomu New York yu say àt tollu ci 16 ak luko ëppu.

Waccin COVID-19 yi baax nañ te am nañ solo. Ñakk yi def nañ ci ab gëstu kilinik bu yaatu buy wane ni baax nañ te man nañoo aar nit ñi ci jàngoroy COVID-19, ak tëdd feebar ak faatu.

Waccin COVID-19 yi dañleen koy jox ta dungeen fay dara. Soxlawul ngay wane sa këyitu asiiraans walla këyitu way tukki.

Sakkul bërëb buñula ñakkee. Demal ci nyc.gov/vaccinefinder, walla nga woote ci 877-829-4692 ngir nga gis bërëb buñulay ñakkee.

Man ngaa àm ay efee segondeer. Efee segondeer mooy lu melni ay yoxo yuy meti, boppu buy meti ak yaram yuy meti walla coono walla yaram yuy tàngg.

Wéyël di jël say matuwaay. Waccin yi daf leen di aar, waaye dañoo wara xàm dayo biñu wara àm ci tasaarook wirus bi. Bo ñakoo ba pare, nanga wéy di took sa kër bo feebaree, tenga soree ak nit ñi lu tollo ak 6 pie, tenga takk bu baax sa mask tenga raxas say yoxo.

Demal ci nyc.gov/vaccinefinder walla nga woote ci 877-829-4692 ngir nga gis bërëb buñulay ñakkee.

NYC VACCINE FOR ALL: SAFE, FREE, EASY

NYC Health